



Deklarasyon sou Enpak Ekite: Rapò sou Rekritman Anyèl

Tit: Rapò Anyèl sou Rekritman ak Divèsite Mendèv la

Dat: 1ye Novanm 2023

Èske yo te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? Wi Non
Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la:

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflekte idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino/o/x-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Prezantasyon sa se mizajou anyèl Biwo Kapital Imen an sou rekritman ak divèsite mendèv nan distri a pandan n ap chèche jwenn yon mendèv ki reflekte divèsite rasyal, etnik, ak lengwistik elèv nou yo, epi pou n repn ak bezwen aprantisaj yo. Prezantasyon sa mete aksan sitou sou pwofesè yo ak konseye pedagojik yo paske de (2) gwoup sa yo se konsantrasyon òdonans tribinal "Garrity" 1974 la ki rete anvigè nan sa ki gen pou wè ak divèsite anplwaye yo nan distri a.</p> <p>Se anplwaye ki endike annapre yo ki nan Biwo Kapital Imen an (OHC) ki dirije travay la:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Francesse Canty, Chèf Kapital Imen an ● Hannah Hall, Chèf Adjwen Kapital Imen an ● Rashaun J. Martin, Direktè Jeneral pa Enterim pou Pwogram Retansyon, Kilti ak Divèsite yo (RCD) ● Sonya Dhanpat, Direktè Rekritman ● Adriana Heady, Direktè Sistèm OHC yo, Done ak Analiz <p>Ekip elaji k ap dirijie travay sa reprezante enfòmasyon demografik rasyal ak etnik elèv BPS yo ak fanmi yo, ansanm ak jesyonè rekritman, espesyalis pwogram filyè yo, ansanm ak ekip Retansyon an. Sa gen ladan l moun ki gen ekspètiz nan domèn aprenan miltileng ak Edikasyon Espesyal.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Efò sa aliyen avèk objektif Sipèrentandan an ki endike annapre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ogmante Responsabilizasyon Ni Biwo Santral la ni Lekòl Nou yo ● Devlope divès Pratik Otantik pou Angajman Familyal ak Kominotè <p>Epitou, efò sa aliyen avèk Angajman #5 la ansanm ak Objektif Prensipal #5 Plan Estratejik 2020-2025 lan:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● 5.1 Anplwaye, sipòte ak òganize yon mendèv nan tout nivo ki reflekte divès kilti ak lang elèv nou yo; elimine baryè estriktirèl ki fè enpak sou anplwaye yo ak edikatè ki gen Koulè yo. ● 5.4 Fè BPS yon espas kote edikatè ak anplwaye yo t ap renmen jwenn travay paske yo konsantre sou sèvi elèv nou yo epi yo santi nou valorize yo e sipòte yo nan travay yo.
<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Sistèm OHC yo, Ekip Done ak Analiz yo te itilize done sou divèsite mendèv BPS yo pou kontwòle, evalye, ak fè rapò sou rekritman ak retansyon. OHC a kolekte done sa yo chak ane nan dat 1ye Oktòb, epi li gen ladan l:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Done sou rekritman edikatè selon ras ak konpetans lengwistik ● Ansanm edikatè ak mendèv distri a selon ras ● Objektif sou Rekritman ki lye ak Divèsite nan Lekòl la baze sou enfòmasyon demografik aktyèl anplwaye yo pa rapò ak enfòmasyon demografik elèv yo (ki gen ladan l ras ak konpetans lengwistik), ansanm ak kantite pòs ki lib yo ● Kantite edikatè BPS ki kite ak sa yo retni selon ras

	<p>Analiz sa montre ke distri a te rive gen yon ogmantasyon ki fèt nan kantite pwofesè ak konseye ki gen koulè ke li rekrite yo. Plis pase mwatye nan kantite edikatè yo rekrite ane sa se moun ki gen koulè. Pandan ke te gen yon ti ogmantasyon ki fèt nan pousantaj jeneral pwofesè ak konseye ke yo idantifye kòm moun ki gen koulè yo, pousantaj pwofesè ak konseye ki Nwa yo rete prèske menm jan an.</p> <p>Kantite reyalizasyon kle ki fèt pandan ane sa ki gen rapò ak ekite rasyal ak lengwistik yo gen ladan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Majorite responsab lekòl yo se moun ki gen koulè, kote gen yon ogmantasyon 4% ki fèt. ● Yon ogmantasyon 4% nan rekritman edikatè Garrity ki se moun ki gen koulè yo. ● 70% pwofesè pwovizwa ke yo re-anboche nan yon pòs edikatè Garrity se moun ki gen koulè yo ye. ● Depi 2020, kantite edikatè Garrity ki se moun ki gen koulè yo gen tandans ap desann. Sepandan, nou pral kontinye abòde difikilte ki lye ak lisans y ap bay, kenbe espas afinite, epi pou ofri opòtinite sib pou devlopman pwofesyonèl pou sipòte retansyon.
<p>4. Angajman Aksyonè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi ki te pi afekte yo te di?</i></p>	<p>Se yon ekip entè-depatmantal ki te konpile prezantasyon sa ki reprezante Divizyon nan OHC ak Lakin nan Ekite, Estrateji, ak Opòtinite, sitou Biwo RCD a. Manm ki soti nan toude divizyon yo reyini regilyèman avèk aksyonè ekstèn yo tout pandan sezon rekritman an pou yo kapab angaje yo avèk avoka yo e jwenn kòmantè nan men yo, tankou lidè ki soti nan Mendèv pou Lakin nan Opòtinite a ansanm ak Mendèv pou Apreman Lang Anglè yo.</p>
<p>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>BPS pran angajman pou l reyalize yon mendèv ki refleto idantite, kilti, ak lang elèv nou yo, epi ki vrèman kalifye nan zafè enklizyon elèv ki gen IEP yo. Ekip RCD a mete sou pye plizyè pwogram ak sèvis ki vize ogmante divèsite mendèv la, pandan yon mete yon aksan patikilye sou divèsite rasyal ak konpetans lengwistik:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Kilti nouvo kandida yo nan distri a - basen rekritman alavans pou pwofesè, anplwaye sipò yo ansanm ak parapwofesyonèl yo ● Pwogram ak sèvis retansyon yo ● Pwogram pou preparasyon filyè/edikatè "Grow our own" (Grandi pou kont nou) yo ansanm ak sipò pou parapwofesyonèl yo ● Pwogram pou preparasyon Tès Massachusetts pou Edikatè yo Rive Jwenn Lisans yo (MTEL) ● Pwogram pou rive dekwoche diplòm an patenarya avèk inivèsite lokal yo
<p>6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Ekip entè-fonkyonèl la ki kontwole pwogrè tout pandan sezon rekritman an se yon gwoup anplwaye divèsifye ki refleto elèv yo ak kominote n ap desèvi yo, epi yo toujou aplike yon optik ekite. Ekip la pran angajman pou l ede distri a diminye sou lakin nan reprezantasyon yo pou anplwaye nou yo pi byen refleto popilasyon elèv n ap desèvi yo.</p> <p>Gen yon alokasyon Fon pou Soulajman Elementè ak Segondè (ESSER) ki te pèmèt nou rekrite yon lòt jesyonè rekritman, ajoute de (2) Bousye George B. Cox nan Edikasyon Iben, ak elaji pwogram ak sèvis nou yo ansanm ak sipò pou egzamen parapwofesyonèl la, Sipò pou Preparasyon MTEL, ansanm ak lòt pwogram retansyon pou edikatè ki gen koulè yo.</p>

<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Yo pataje responsablite pou estrateji mendèv BPS la nan twa divizyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Chèf Prensipal Kapital Imen an asime responsablite jeneral efò sa yo ansanm ak kominikasyon done ki lye ak efektif anplwaye yo. ● Divizyon Lekòl ak Responsablite a egzije pou tout responsab legal yo fikse objektif anyèl sou rekritman pou divèsite yo. Sipèrentandan lekòl yo kenbe responsab lekòl yo responsab pou yo reyalize objektif sa yo. ● Divizyon pou Lakin nan Ekite, Estrateji, ak Opòtinite ak Mendèv pou Lakin nan Opòtinite a ede asire yon aplikasyon rigoure ki baze sou Politik BPS sou Lakin nan Opòtinite yo. Biwo RCD aplike estrateji rekritman, kilti, ak retansyon divèsite pou reponn ak bezwen yo nan distri a an patenarya avèk responsab lekòl yo, lòt jesyonè rekritman yo, sipèrentandan lekòl yo, ansanm ak OHC.
---	--